

*Piblikasyon sa gen ladan enfòmasyon apati 10 Jen 2020.
Tanpri siveye tou nyc.gov/workers*

Reouvèti NYC: Sa Travayè yo Dwe Konnen

A pati Lendi 8 Jen 2020, pou Faz 1, biznis sa yo ka ouvri ankò nan Vil New York:

- Agrikilti, Forè, Lapèch ak Lachas
- Konstriksyon
- Faktori
- Vant an Detay
Ranmasaj oswa depoze devan pòt oswa nan magazen sèlman
- Komès an Gwo

Biznis ki vann an detay ki ka ouvri ankò pou ranmasaj oswa depoze devan pòt oswa nan magazen sèlman gen ladan magazen ki vann:

- Rad
- Elektwonik ak elektwomenaje
- Flè
- Mèb ak atik pou kay
- Machandiz jeneral
- Atik sante ak pou swen pèsònèl
- Bijou, bagaj, ak machandiz kwi
- Founiti pou gazon ak jaden
- Founiti pou biwo, papyè, ak kado
- Soulye
- Atik pou spò, founiti amizman, enstriman mizik, ak liv
- Machandiz ki itilize deja

Si w ap travay nan yon biznis ki nan lis la, w ap jwenn anba la a kèk egzijans anplwayè ou a dwe respekte. W ap jwenn konsèy detaye espesifik sou endistri nan forward.ny.gov.

Sa Anplwayè Ou a Dwe Fè ak Ou Ta Dwe Atann Lè Biznis Ouvri Ankò

- **Afiche yon plan sekirite nan espas travay ou kote ou ka wè li.**
- **Fè yon egzamen sante anplwaye yo chak jou.** Ou ta dwe rete lakay ou si ou malad oswa ale lakay ou si ou tonbe malad nan travay ou.
- **Bay ou menm ak kòlèg travay ou yo bagay pou kouvri figi gratis epi bay ranplasman.** Ou dwe rete pou piti 6 pye (2 mè) de lòt moun epi mete yon bagay pou kouvri figi oswa mask si ou pi pre pase 6 pye (2 mè) de lòt moun.
- **Bay ak kenbe estasyon ijyèn men pou pèsònèl la,** ki gen ladan lave men avèk savon, dlo, epi seche yo ak sèvyèt papyè, ansanm ak yon dezenfektan men ki gen alkòl ki gen 60% oswa plis alkòl pou zòn kote lave men yo pa posib.
- **Netwaye regilyèman ekipman plizyè moun itilize ak sifas yo manyen souvan yo.**
- **Afiche pano epi mete tep oswa lòt makè pou montre moun yo ki kote pou kanpe.**
- **Mande kliyan yo pou mete yon bagay pou kouvri figi lè yo a mwens pase 6 pye (2 mè) de lòt moun.** Anplwayè ou a ka fikse règ ki pi estrik pou kliyan yo konsènan mete bagay pou kouvri figi, tankou refize sèvis pou moun ki pa mete yon bagay pou kouvri figi yo.

Lwa nan Espas travay la

Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè Vil New York (DCWP) te kreye piblikasyon [Enfòmasyon ki Ajou konsènan Lwa sou Anviwònman Travay pandan NYC ap Eseye Kanpe Pwopagasyon Nouvo Kowonaviris \(COVID-19\) la](#) ki disponib nan [nyc.gov/dcwp](#). Piblikasyon an gen ladan enfòmasyon detaye konsènan konje maladi peye, ki gen ladan yon apèsi sou lwa Vil, Eta, ak lwa federal yo ki gen rapò ak COVID-19; w ap jwenn anba kèk enfòmasyon adisyonèl.

Retounen Travay aprè Tès Pozitif pou COVID-19 oswa aprè Sentòm yo Parèt	Pou jwenn dènye konsèy yo, al gade nan nyc.gov/health pou: REDEMARE NYC Konsèy la espesifik pou chak sektè aktivite.
Dokiman Konje Maladi Peye akò COVID-19 pou Anplwayè yo (Lòd Izolman Obligatwa)	Al gade nan nyc.gov/health epi chache pou: Lòd Komisè a sou Konje Maladi Peye Kesyon Moun Poze Souvan osijè Lòd sou Konje Maladi Peye
Lwa osijè Aranjman / Diskriminasyon Rezonab (Tan Konje)	Anplwayè yo gen yon obligasyon dapre Lwa sou Dwa Moun Vil New York ak Eta New York ak Lwa sou Ameriken ki gen Andikap pou bay aranjman rezonab pou anplwaye yo ki gen andikap. Tan konje se yon fòm aranjman rezonab. Lwa kont diskriminasyon sa yo pa egzije anplwayè yo pou bay konje peye, men yo ka mande anplwayè yo pou akòde plis tan konje ki pa peye ke sa yo akòde nòmalman dapre regleman yo a (ak plis pase sa yo mande dapre Lwa sou Konje Fanmi ak Medikal) si li pa ta lakoz anplwayè yo difikilte ki pa jistifye. Se yon vyolasyon Lwa sou Dwa Moun NYC pou toumante oswa fè diskriminasyon kont anplwaye yo paske yo gen oswa ka gen yon andikap tankou COVID-19.

Resous Vil la

Liy Dirèk Pwoteksyon Travayè yo: Rele 311 oswa 1-212-436-0381 avèk nenpòt kesyon konsènan reouvèti, enstriksyon sou sante ak sekirite pou espas travay la, oswa pou siyale yon anplwayè ki pa respekte egzijans reouvèti a.

Sit Entènèt Enfòmasyon Vil la sou COVID-19 nan [nyc.gov/coronavirus](#): Jwenn dènye nouvèl Vil la, tankou enfòmasyon konsènan:

- [Tès COVID-19 gratis](#)
- [Sentòm COVID-19 yo ak kisa pou fè lè malad](#)
- [Pwogram Otèl COVID-19](#) (*Si ou gen COVID-19 oswa ap viv avèk yon moun ki genyen li epi ki pa ka izole nan kay la, ou ka rete nan yon otèl gratis.*)

Swen medikal gratis oswa a ki bon mache: Rele 311 pou ka jwenn asistans.

NYC Well (*liy èd konfidansyèl 24 sou 24, 7 jou sou 7 si ou bezwen pale ak yon moun*):

- Rele 1-888-NYC-WELL (1-888-692-9355).
- Voye yon mesaj tèks "WELL" nan 65173.
- Chat sou entènèt nan [nyc.gov/nycwell](#)